



Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU APWOBASYON CDC POU DÒZ SIPLEMANTÈ COVID-19 POU TOUT ADILT YO**

"Jodi a, dòz siplemantè pou tout adilt yo te pase dènye faz revizyon federal ke ekspè sante ak doktè yo fè. Se yon bon nouvèl pandan n ap antre nan sezón fèt la epi rasanble nan kay avèk zanmi ak fanmi yo.

"Dòz siplemantè yo kapab ede bay pwoteksyon siplemantè, espesyalman pou sila yo ki gen plis pase 50 an ak lòt moun ki gen kondisyon kache yo. Avèk 80 poustan adilt nan Eta New York ki vaksinen konplèman, pran dòz siplemantè a se yon lòt fason enpòtan pou pwoteje tèt nou ak pwòch nou yo, ansanm ak lave men nou ak mete mask.

"Nou konnen dènye ogmantasyon nan pwopagasyon COVID la nan rejon nan Eta New York yo rive akòz poustantaj vaksinasyon ki pi ba nan zòn sa yo. Pèmèt plis Nouyòkè vaksinen, sa gen ladan timoun ki gen 5 an ak plis yo, rete pi bon fason pou nou ede ranvèse tandans lan nan batay nou kont COVID-19 la.

"Kidonk, si ou pa vaksinen, ale vaksinen. Si ou gen timoun, fè yo vaksinen tou. Epi, si ou te vaksinen, pran dòz siplemantè a. Li disponib tout kote, li gratis ak san danje. An nou fè sa, New York".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU